



Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware

Enfòme. Edike. Defann.

Elijibilite pou Edikasyon Espesyal

YON TI KOUT JE

Pou elijib pou edikasyon espesyal ak lòt sèvi anba lwa federal edikasyon pou moun ak enfimite yo ansanm ak lwa edikasyon espesyal nan Delaware, Distri lekòl la dwe fè yon evaliyasyon pou konnen si timoun nan pami youn oubyen plis nan 14 kategori epi bezwen edikasyon espesyal ak lòt sèvis akòz enfimite sa yo.

KI 14 KATEGORI ENFIMITE YO?

- Otis
- Soud-Avèg
- Soud
- Reta
- Twoub emosyonèl
- Pa ka tandè byen
- Andikap entèlektyèl
- Anpil andikap
- Andikap otopedik
- Lòt Andikap tanku ADHD ak ADD
- Andikap pou aprann
- Andikap pou pale oubyen lang
- Andikap nan sèvo
- Pwoblèm pou wè byen



Koman yo pran desizyon pou konnen si yon timoun kalifye pou edikasyon espesyal ak lòt sèvis yo?

Lè paran an dako pou yon evaliyasyon epi li fini fèt, yon gwoup moun ansanm ak paran an ak pwofesyonèl, kalifye pou sa travay ansanm pou konnen si timoun nan kalifye. Yon timoun kalifye pou edikasyon espesyal si evaliyasyon montre ke timoun nan fè pati youn nan 14 kategori andikap yo epi bezwen sèvis akòz enfimite a.

Pou plis enfòmasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yon òganizasyon nan tout eta ki la pou ede paran yo angaje yo nan edikasyon pitit yo.

Kisa ki pase lè Elijibilite a finn konfime?

Lè yon desizyon finn pran pou konnen si timoun nan kalifye pou sèvis edikasyon espesyal, Distri lekòl la dwe voye yon lèt bay paran an pou fè yo konnen si timoun an kalifye oubyen si li pa kalifye.

Si yon timoun kalifye pou edikasyon espesyal ak lòt sèvis, Distri lekòl la dwe fè yo reyinyon nan 30 jou pou devlope yon pwogram edikasyon espesifik pou timoun nan ke yo rele IEP ki pale sou plan edikasyon espesyal la ak lòt sèvis ki mache avèl ke timoun nan pral resevwa. Distri lekòl la dwe komanse bay sèvis sa yo rapid.

Èske gen lòt sèvis ak lòt aranjman ki ka ede timoun ak andikap yo si yo pa kalifye pou edikasyon espesyal?

Seksyon 504 nan rehabilitasyon ak la se yon lòt lwa federal ki di ke lekòl yo pa dwe diskrimine timoun yo akòz handicap yo. Definition kiyès yon timoun ak andikap ye anba seksyon 504 la se yon definisyon ki pi laj pase sa ki anba ak IDEA a. Kèk timoun ki pa kalifye pou edikasyon espesyal ak lòt sèvis anba IDEA a ka kalifye pou kèk aranjman anba seksyon 504 la. Al gade fèy enfòmasyon PIC a sou seksyon 504 la pou plis enfòmasyon.

Pou plis enfòmasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yon òganizasyon nan tout eta ki la pou ede paran yo anagaje yo nan edikasyon pitit yo .